SKILLS FOR Learning & Life
The School District of Palm Beach County

Paran ak Moun K ap Bay Swen,

Pwochen chapit SLL nou an se "Kominike Efektivman Youn ak Lòt". Nan chapit sa a, pitit ou a pral eksplore diferan sijè SLL ak teknik ki genyen rapò avèk konpetans sou Relasyon. Anba la a genyen yon tablo ak diferan tèm SLL nou pral pale nan chapit sa a sou kèk fason posib ou kapab ranfòse tèm sa yo lakay si w vle.

| Chapit 4: Kominike Efektivman Youn ak Lòt | |
|---|---|
| **Tèm ak Konpetans SLL** | **Kesyon Posib pou Diskisyon ak/oswa Aktivite pou Fanmi** |
| Koute avèk Atansyon & Fè Konvèsasyon<br><br>(Aptitid nan Relasyon) | -Kijan sa ye lè yon moun ap koute ak atansyon?<br><br>- Ki fason ou kapab montre w ap koute ak atansyon lè yon moun ap pale avèk ou?<br><br>- Lè ou gen yon konvèsasyon, èske ou panse ou se yon pi bon oditè oswa oratè? Poukisa? Nan ki fason ou kapab amelyore kapasite sa yo?<br><br>-**Rakonte Istwa Angwoup**: Pandan aktivite sa a, ou pral pratike koute lide lòt moun epi ajoute sou yo. Yon moun kòmanse yon istwa lè li di youn oubyen de (2) fraz epi answit chak moun youn apre lòt pou kontinye istwa a lè yo ajoute sou lide dènye moun nan. Pwen an se pa di sa ou vle, men yo bati sou kòmantè anvan yo pou fè yon istwa lojik. |
| Travay Ansanm kòm yon Ekip<br><br>(Aptitid nan Relasyon) | -Lè ou tande mo "travay ann ekip", kisa ki vin nan tèt ou?<br><br>-Kisa sa vle di pou ou fè pati yon ekip?<br><br>-Ki ekip ou prefere? Ki sa ki fè yo yon ekip? Poukisa ou pi renmen yo?<br><br>**-Tan pou jwe *Puzzle* an Fanmi** : Konplete yon puzzle ansanm an fanmi. Poutèt kastèt pran anpil tan, sa pèmèt pitit ou ak lòt manm fanmi yo genyen opòtinite pou travay ansanm epi pratike teknik kolaborasyon ak kominikasyon.<br><br>**-Lyezon nan fanmi:** Kòm yon fanmi, fòme yon sèk epi mete men dwat ou nan mitan l. Lè sa a, pran men moun ki opoze a ou (asire w ou pa pran men ak nenpòt moun ki sou bò gòch la oswa adwat ou). Fè menm bagay la ak bò gòch ou, pwan men ak yon nouvo manm fanmi. Lè sa a, ou vle debouche ne imen ou a, asire w ou pa pèdi priz ou, oswa w ap bezwen rekòmanse. Aktivite sa a pèmèt tout moun pratike ladrès kominikasyon ak kolaborasyon yo epi pran plezi! |
| Semèn pou Bòn Aksyon/<br>Semèn Revizyon | - Ki kèk fason nou kapab montre zanmi ak fanmi nou yo bòn aksyon semèn sa a?<br><br>-Ki yon bagay ou ta kapab fè semèn sa a pou montre jantiyès anvè tèt ou?<br><br>**Kreye Nòt ki fè Kè Kontan:** Pran tan an fanmi pou ekri lèt ankourajan bay yon zanmi, pwofesè, ak/oswa manm fanmi ki ta kapab itilize yon nòt enteresan semèn sa a. |
| Kominikasyon avèk konfidans<br><br>(Aptitid nan Relasyon) | -Poukisa ou panse li enpòtan pou pale pou tèt ou nan yon fason ki janti ak respektab, men byen fèm?<br><br>-Kijan ou kapab pale pou tèt ou san ou pa samble ou fache, agresif oswa ap plenyen?<br><br>-Reflechi sou yon moman kote ou kapab bezwen kominike avèk konfidans. Kisa w ta kapab di nan sityasyon sa a? Kòman ou ta kapab di sa?<br><br>**Devine kilès** Genyen diferan fason pou kominike. Kòm fanmi, jwe wol nan yon sitiyasyon kote yo itilize yon estil kominikasyon fache, konfidan, ak pasivite. Pa di lòt manm fanmi ki estil kominikasyon w ap itilize. Fè yo devine epi eksplike poukisa se repons sa yo bay. |

| | |
|---|---|
| Reziste anba Presyon Negatif Kamarad yo (Aptitid nan Relasyon) | -Èske w genyen zanmi ki enfliyanse sa ou panse? Èske enfliyans sa yo pozitif oswa negatif?<br><br>-Èske w fè chwa paske zanmi w nan (yo) te fè chwa sa a tou? Poukisa wi oswa poukisa non?<br><br>**Kisa w ta Kapab di?** Li senaryo sa yo ak pitit ou a epi fè li ekri oswa desine sa li ta di ak fè an repons bay kamarad li.<br>Yon kondisip te fè yon move nòt nan tès li epi li te sipoze gen yon paran siyen li. Li pa t vle montre manman li, donk, li mande w pou imite siyati manman li. Kisa w ta kapab di pou reponn nan yon fason aktif?<br>-Kèk timoun nan klas ou a ap pwopaje rimè sou youn nan zanmi w yo sou entènèt. Yo vle ou voye mesaj la bay lòt moun. Kisa w ta kapab di pou reponn nan yon fason aktif?<br>-Tout zanmi w yo ap sote nan pati ki pi wo nan estrikti jwèt la nan yon pak. Y ap di ou se yon lach si w pa sote, men ou panse li danjere. Kisa w ta kapab di pou reponn nan yon fason aktif? |

The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –September 2023 – SY2352